

# Ankèt sou bezwen sitwayen yo ak konpreyansyon yo de sistèm politik la an Ayiti

Avril 2024



# Ankèt sou bezwen sitwayen yo ak konpreyansyon yo de sistèm politik la an Ayiti

Avril 2024



# Kontni

## I. Rezime travay lan<sup>4</sup>

Fason ankèt lan te jere<sup>4</sup>

Kondisyon ankèt lan te rive fèt<sup>5</sup>

Kontèks ekonomik<sup>5</sup>

Kontèks sosyal<sup>6</sup>

Patisipasyon sitwayen ak patisipasyon elektè<sup>6</sup>

## II. Rezime konklizyon ki pi enpòtan yo<sup>7</sup>

Eleksyon<sup>7</sup>

Patisipasyon nan eleksyon<sup>7</sup>

Kat Identifikasiyon votè yo<sup>7</sup>

Sistèm elektoral lan<sup>7</sup>

Demokrasi<sup>7</sup>

Sistèm Politik Ayisyen an<sup>7</sup>

Patisipasyon sitwayen yo<sup>7</sup>

Relasyon ak Pati Politik<sup>7</sup>

Bezwen Sitwayen yo<sup>8</sup>

Bezwen Enfòmasyon<sup>8</sup>

## III. Rezime rezulta ankèt lan an jeneral<sup>9</sup>

Sous Enfòmasyon yo<sup>13</sup>

## IV. Rekòmandasyon<sup>14</sup>

# I. Rezime travay lan

Internews ak Policité te fè yon ankèt sou bezwen sitwayen yo ak fason yo konprann sistèm politik la nan peyi Dayiti. Ankèt sila rive fèt soti mwa novanm 2023 pou rive fevriye 2024. Ladan li yo te chèche konprann pi byen kouman Ayisyen wè politik nan peyi a epi chèche wè sa ki enterese yo nan sistèm politik lan. Ladan l tou, yo te rive idantifye rezon ki kapab anpeche patisipasyon sitwayen yo nan aktivite politik ak nan eleksyon ki dwe fèt nan lane k ap vini yo. Nan rapò sa, nou prezante epi analize rezulta ankèt la. Enfòmasyon sa yo rive sanble nan yon sondaj ki fèt sou entènèt ak fasafas. Sondaj lan te fèt soti 2 pou rive 30 janvye 2024. Li te fèt nan tout dis (10) depatman peyi Dayiti yo. Sondaj lan te gen objektif sanble opinyon sitwayen yo sou : sistèm politik an Ayiti, pwosesis elektoral, nivo patisipasyon, bezwen sosyete an ak posiblite pou jwenn enfòmasyon. Anplis, li te vle tou idantifye kèk rezon kle ki ka limite angajman sitwayen yo nan eleksyon k ap vini yo. Analiz ki pral swiv la ap bay yon apèsi, sou aksyon ki dwe pran pou enfòme divès kalte aktè ayisyen tankou entènasyonal, nan lide pou pran bon jan desizyon epi monte bon jan pwogram..

## Fason ankèt lan te jere

Ankèt lan te rive fèt an kreyòl ayisyen. Yo te sèvi avèk yon kesyonè ki gen 31 kesyon fèmen. Kesyon sa yo te kouvri sijè ki gen rapò ak : sistèm politik an Ayiti, sistèm elektoral la, eleksyon, bezwen ki pi nesesè pou sitwayen yo, bezwen nan koze enfòmasyon, ak patisipasyon sivik. Sèz (16) anketè ki gen eksperyans te suiv fòmasyon pou sa. Apresa, yo te plase yo nan plizyè zòn nan peyi an pou fè sondaj yo. Yo te fè entèvyou ak moun ki te chwazi yo o aza, nan plizyè kategori yo te defini davans, jan yo eksplike sa nan pati metodoloji travay lan. Gwoup sa yo te rive fèt pou asire yon reprezentasyon egal ego nan mitan moun ki soti nan divès rejyon nan peyi a: tankou, moun k ap viv nan pwovens, lavil oswa tou pre lavil, divès sèks, divès gwoup laj, ak plizyè orijin sosyo-ekonomik. Pou yo rive jwenn yon popilasyon pi laj, ki gen ladanl ayisyen ki pa kapab « deplase pou tout bon » (akòz andikap, laj, oswa sekirite) ak moun k ap viv nan pwovens, tou pre lavil. Yo te distribye sondaj lan tou sou entènèt ak menm kesyon yo atravè yon lyen KoboToolbox<sup>1</sup>. Se yon total 2,853 moun ki te patisipe nan sondaj la, ladann nou jwenn 1,167 (41%) reponn sou entènèt epi 1,686 (59%) reponn an pèsonn.

1. KoBoToolbox se yon seri zouti pou kolekte enfòmasyon, yo itilize li nan anviwònman difisil. Lojisyl la gratis epi tout moun itilize li (pase men ladan li pou fè l vin pi djanm).

## Kondisyon ankèt lan te rive fèt

« Ankèt sou bezwen sitwayen yo ak konpreyansyon yo de sistèm politik la an Ayiti » te fèt pandan yon kriz politik men longè ak kokennchenn vyolans t ap ogmante nan peyi Dayiti, Nan sitiyasyon sa pifò enstitusyon demokratik yo (ki gen ladan Laprezidans ak Palman an) p ap mache. Pa gen okenn ofisyèl ki nan pòs yo ki te soti nan elekson, depi lane 2020. Dènye elekson pou pòs Prezidan an te fèt 20 novanm 2016, ak yon patisipasyon ki anviwon 20% moun ki ka vote. Dènye Prezidan an te pran pouvwa a ak anviwon 600,000 vòt nan yon peyi ki gen yon popilasyon plis pase 11 milyon moun. Sa montre yon mank patisipasyon sitwayen yo nan lavi politik ak nan elekson yo<sup>2</sup>.

Depi jiyè 2021, apre yo fin touye Prezidan Jovenel Moïse, yon Premye Minis pwovizwa, Ariel Henry, ap dirije pouvwa egzekitif la san Prezidan, sa bay lenpresyon peyi an p ap dirije vre. Nan moman rapò sa ap ekri, Premye Minis Ariel Henry te anonsé plan li genyen pou demisyone epi pase pouvwa bay yon konsèy politik tranzisyon (Konsèy Prezidansyèl) ki gen ladan nèf (9) reprezantan majorite pati politik, òganizasyon sosyete sivil, yon kowalisyon aktè politik, ak sektè prive a. Yon fwa konsèy tranzisyon sa monte, li pral chwazi yon Premye Minis, epi yo pral enstale yon nouvo gouvènman. Yon pakèt gang kriminèl rive gen kontwòl plizyè zòn nan kapital la. Dapre yo, yo dwe sou tab negosyasyon nan nenpòt solisyon y ap chèche anndan peyi an. Pa gen elekson ki te pwogramme. Kidonk, dwa sitwayen yo pou patisipe nan reprezantasyon ak patisipasyon nan pwosesis demokratik la fenk kare bafwe!

Malgre Ayiti te randre pou tout bon nan demokrasi depi lane 1987, peyi a toujou fè fas ak anpil defi nan mete kanpe sistèm demokratik li an. Sa rive posib sitou akòz koripsyon, enpinite, epi absans volonte pou respekte konstitusyon ayisyen an. Peysi a te konnen youn apre lòt plizyè lane kwasans ekonomik negatif. Kidonk, Ayiti ap konnen yon sitiyasyon ekonomik ki malouk, sa ka mennen grangou oswa lòt kriz imanitè, 41% nan popilasyon an ap viv nan yon povrete miltidimansyonèl (PNUD)<sup>3</sup>. Peysi a ap fè fas tou ak pi move kriz sekirite li nan ane sa yo, ansanm ak yon kriz imanitè k ap dewoule kote w jwenn anviwon 362,000<sup>4</sup> moun ki deplase andedan peyi an ak 4.3 milyon<sup>5</sup> lòt nan ensekirite alimantè.

## Kontèks ekonomik

Peyi a fè eksperyans kwasans ekonomik negatif pou senk (5) lane<sup>6</sup> ki sot pase yo. Depi lane 2019<sup>7</sup>, pa te gen okenn kwasans ekonomik pozitif pandan 41% nan popilasyon an ap viv nan yon povrete tribòbabò dapre PNUD<sup>8</sup>. Lidè peyi yo poko kapab abòde rezon estriktirèl ak okazyonèl ki lakoz estabilite ekonomik sa epi ankouraje kwasans. Enstabilite sosyo-politik la ak sitiyasyon sekirite an se prensipal rezon ki paralize aktivite ekonomik yo epi fòse anpil biznis fèmen.

2. “Pwofil peyi: Ayiti.” Gid Eleksyon IFES, <https://www.electionguide.org/countries/id/94/>. Aksede 10 desanm 2023.
3. Rapò sou Developman Moun (2023). Endèks Povrete Miltidimansyonèl 2023: Debarase lamizè mondal la. Rekipere nan <https://hdr.undp.org/sites/default/files/Country-Profiles/MPI/HTI.pdf> sou 10 mas 2024.
4. Òganizasyon Entènasyonal pou Migrasyon (OIM). (2024, 9 mas). Vag vyolans yo anvayi Pòtoprens ann Ayiti plis deplase plizyè milye [Kominike pou laprès]. Retrieved from <https://reliefweb.int/report/haiti/waves-violence-storm-port-au-prince-haiti-further-displacing-thousands>.
5. Bank Mondyal. (n.d.). DataBank: Endikatè Developman Mondyal. Rekipere nan <https://databank.worldbank.org/source/world-development-indicators>
6. Rapò sou Developman Moun. (2023). Endèks Povrete Miltidimansyonèl 2023: Debarase lamizè mondal la. Rekipere nan <https://hdr.undp.org/sites/default/files/Country-Profiles/MPI/HTI.pdf>
7. Òganizasyon Entènasyonal pou Migrasyon (OIM). (2024, 9 mas). Vag vyolans yo anvayi Pòtoprens ann Ayiti plis deplase plizyè milye [Kominike pou laprès]. Retrieved from <https://reliefweb.int/report/haiti/waves-violence-storm-port-au-prince-haiti-further-displacing-thousands>
8. Pwogram Alimantè Mondyal la. (janvye 2024). Ayiti. Retrieved from <https://www.wfp.org/countries/haiti>

## Kontèks sosyal

Gang yo kontwole yon pati enpòtan nan depatman Lwès ak Latibonit. Yo okipe zòn estratejik pou antre nan anpil kote, ki gen ladann kapital la Pòtoprens. Anpil fwa, lagè gang ak kidnapin lakòz anpil viktim epi ogmante kantite "Moun ki deplase anndan" yo (MDA) rive nan 362,000<sup>9</sup> pou lane 2024. Kriz imanitè ki egziste an Ayiti a, kote 4.3 milyon<sup>10</sup> moun ap viv nan ensekirite alimantè, vin plis konplike lavi kantite moun ki deplase yo. Anplis, gen anpil Ayisyen ki te kouri kite peyi a pou al chwe kay vwazen, tankou : Repiblik Dominikèn ak lòt peyi nan Amerik Latin nan. Ladan yo w ap jwenn Etazini, ak Kanada. Ayiti tou rete frajil kou fayans devan dezas natirèl, tankou sıklòn ak tranblemanntè.

## Patisipasyon sitwayen ak patisipasyon elektè

Patisipasyon elektè ak patisipasyon sitwayen yo nan pwosesis elektoral la se endikatè sou sante ak estabilite demokrasi. Youn nan twa zouti pou mezire pèfòmans demokrasi an se patisipasyon. Ladan l, ou rive jwenn : patisipasyon elektè yo, manm pati politik yo, ak angajman nan lòt aktivite sivik<sup>11</sup>. Lè nou di patisipasyon votè yo ba anpil, sa vle di pa gen anpil patisipasyon oswa pa gen okenn lòt mwayer pou patisipe epi enfliyanse lavi politik lan<sup>12</sup>.

Nan peyi Dayiti, toujou gen eskonbrit apre eleksyon yo. Nan dènye eleksyon anndan peyi a nan lane 2016, sou 108<sup>13</sup> pati politik Konsèy Elektoral la te ratifye, te gen 107<sup>14</sup> ki te pwopoze kandida nan eleksyon yo. Nan mwa jen 2016, otorite elektoral yo anile rezulta biwo vòt prezidansyèl yo akòz te gen koken<sup>15</sup>. Depi fen diktati Divalye yo nan lane 1986, chak eleksyon se yon gwo defi ak diskisyon<sup>16</sup>, eksepte eleksyon 1990 yo<sup>17</sup>. Fenomèn moun yo ki pa deside al vote an ka vin pi grav, paske chèchè yo fè konnen li ka febli demokrasi an ak rezulta eleksyon yo.<sup>18 19</sup>

Rezon ki fè moun pa patisipe nan lavi politik epi pa vle al vote yo anpil. W ap jwenn ladan yo anpil lòt dimansyon, tankou : sosyodemografik<sup>20 21</sup>, ekonomik ak politik. Ladan l tou w ap jwenn, dimansyon enstitusyonèl ak endividiyèl<sup>22</sup>. Kote ou ka mete laj, edikasyon, baryè pou vote, alfabetizasyon, absans konfyans nan pwosesis la, sitwayen pèdi lafwa nan sistèm politik peyi an, polarizasyon ak sosyalizasyon, kouvèti medya yo, eksetera. Dapre chèchè Harder & Krosnick, : « Pou yon sitwayen endividiyèl. patisipasyon politik nan lavi li rive posib gras ak fonksyon ou jwenn, kote lavi sosyal li, dispozisyon sikolojik li facilite pwosedi ki enplike nan vòt yo, ak evènman ki rive nan moman chak eleksyon<sup>23</sup>. » Etid 2016 Enstiti pou Demokrasi ak Asistans Elektoral (IDEA) bay yon lis konplè rezon ki chita sou prèv ki verifye sou teren ki ka eksplike patisipasyon zwit votè yo nan peyi Dayiti.<sup>24</sup>

9. Powell, G. B. (1982). Demokrasi kontanporen: Patisipasyon, estabilite, ak vyolans. Harvard University Press.
10. Lijphart, A. (1998). Pwoblèm nan patisipasyon elektè ki ba ak inegal-ak sa nou ka fè sou li. (No 13).
11. Ayiti Libre. (n.d.). Conseil Électoral Provisoire : Liste partielle des partis et regroupements politiques agréés [Dokiman PDF]. Rekipere nan <https://www.haitilibre.com/docs/cep-liste-108.pdf>
12. Pierre, M., & COSFIPP. (21 mas 2018). Financement des partis politiques : une étape importante vers la normalisation de la vie politique en Haïti [Dokiman]. Issuu. Rekipere nan [https://issuu.com/mathiaspierre5/docs/financement\\_21\\_mars\\_2018](https://issuu.com/mathiaspierre5/docs/financement_21_mars_2018)
13. Lafrans 24. (2016, 7 jen). Ayiti anile rezulta biwo vòt prezidansyèl la, fikse nouvo dat eleksyon an. Retrieved from <https://www.france24.com/en/20160607-haiti-annuls-presidential-poll-result-sets-new-election-date>
14. Fondasyon Bertelsmann. (2024). Rapò Peyi: Ayiti. Rekipere nan <https://btiproject.org/en/reports/country-report/HTI>
15. Hurbon, L., et al. (2014). Les partis politiques dans la construction de la démocratie en Haïti. IDE entènasyonal. Retrieved from <https://www.idea.int/sites/default/files/publications/les-partis-politiques-dans-la-construction-haiti.pdf>
16. Cavanagh, T.E., 1981. Chanjman nan patisipasyon elektè Ameriken yo. Syans Politik Trimestre 96, 53e65.
17. Salisbury, R.H., 1975. Rechèch sou patisipasyon politik. Ameriken Journal of Syans Politik 19, 323e341
18. Wolfinger, R. E., & Rosenstone, S. J. (1980). Ki moun ki vote? New Haven, CT: Yale University Press.
19. Blais, A. (2000). Al vote oswa pa vote? Merit ak limit chwa rasyonèl. Pittsburgh: University of Pittsburgh Press.
20. Solijonov, A. (2016). Tandans nan patisipasyon elektè atravè mond lan. Stockholm, Syèd: Enstiti Entènasyonal pou Demokrasi ak Asistans Elektoral. [Dokiman PDF].
21. Harder, J., & Krosnick, J. A. (2008). Poukisa moun yo vote? Yon analiz sikolojik sou kòz patisipasyon elektè yo. Journal of Social Issues, 64 (3), 525-549.
22. Solijonov, A. (2016). Tandans nan patisipasyon elektè atravè mond lan. Enstiti Entènasyonal pou Demokrasi ak Asistans Elektoral. Rekipere nan <https://www.idea.int/sites/default/files/publications/voter-turnout-trends-around-the-world.pdf>
23. Harder, J., & Krosnick, J. A. (2008). Poukisa moun yo vote? Yon analiz sikolojik sou kòz patisipasyon elektè yo. Journal of Social Issues, 64 (3), 525-549.
24. Solijonov, A. (2016). Tandans nan patisipasyon elektè atravè mond lan. Enstiti Entènasyonal pou Demokrasi ak Asistans Elektoral. Rekipere nan <https://www.idea.int/sites/default/files/publications/voter-turnout-trends-around-the-world.pdf>

## II. Rezime konklizyon ki pi enpòtan yo

### Eleksyon

#### Patisipasyon nan eleksyon

- Se sèlman 29% nan moun ki reponn yo ki di yo ka al vote nan eleksyon k ap vini yo: chans pou yo vote (16%); Gen asirans yo pral vote (13%).
- 21% moun ki reponn yo ka vote selon sitiyasyon sekirite a. Pousantaj la se 22.20% pou fanm. Sekirite tou se bezwen ki pi ijan yo idantifye nan ankèt lan. (89%).

#### Kat Idantifikasyon votè yo

- 91% moun ki reponn yo gen yon kat elektoral,
- Moun ki gen mwens edikasyon yo montre mwens enterè pou yo jwenn yon kat elektoral. Patisipan ki pa enterese jwenn kat elektoral yo pa gen okenn edikasyon fòmèl (25%) oswa yo fini lekòl primè (20.83%).
- 64.4% nan moun ki reponn yo panse pwosesis pou jwenn yon kat elektoral lan pa bon, genyen 30.6% ki panse li “pa bon ditou” epi 33.8% ki panse li “pa twò bon.”

#### Sistèm elektoral lan

- Mwens pase 2% nan moun ki reponn yo gen konfyans nan fason eleksyon yo konn fèt nan peyi a.
- 88.6% nan moun ki reponn yo panse fason eleksyon yo fèt tradisyonèlman an Ayiti an move. 61.65% di li “pa bon ditou”, pandan 26.95% di li “pa trè bon.”
- 93% moun ki reponn yo pa fè sistèm elektoral la konfyans.

### Demokrasi

#### Demokrasi

- Anviwon 70% moun ki reponn yo kwè nan demokrasi, ak 14.51% ki di yo pa kwè nan demokrasi ditou.
- 48.9% nan moun ki reponn yo kwè nan demokrasi, tankou yon konsèp (lide) jeneral men pa jan li fèt an Ayiti an.
- 48.76% nan moun ki reponn yo panse yo gen kèk konesans oswa konesans konplè sou demokrasi.

### Sistèm Politik Ayisyen an

#### Sistèm Politik

- 49.84% nan moun ki reponn yo fè konnen yo pa konprann kouman Leta a fonksyone ditou.
- Sèlman 32% nan moun ki reponn di yo ka fè diferans nan mitan Jiridiksyon Lakou Kasasyon ak Konsèy Siperyè Pouvwa Jidisyè a.
- 66% nan moun ki reponn yo rapòte yo konnen twa (3) branch pouvwa yo (ki nan Leta a).

### Patisipasyon sitwayen yo

#### Patisipasyon Sitwayen yo

- 54 % nan moun ki reponn yo pa enterese jwe wòl volontè nan yon pati politik oswa pou yon kandida.
- 52% moun ki reponn yo pa entèrese asiste yon mach (pasifik), yon sitin oswa yon manifestasyon,
- 35% nan moun ki reponn yo ta renmen patisipe nan yon konsiltasyon piblik, 30.51% pa entèrese, ak anviwon 34% te patisipe nan youn anvan.
- Moun ki reponn yo endike rezon ki pi enpòtan nan evalye kandida yo se platfòm politik yo.
- Lè yo te mande yo kisa ki ta ka motive yo pou yo angaje yo plis nan aktivite sivik ak politik, de (2) repons prensipal moun ki reponn yo se te : 1) Amelyorasyon nan sitiyasyon sekirite peyi an (66.46%); ak 2) Plis transparans ak en-fòmasyon moun ka fè konfyans gouvènman an ap pataje (50.75%)

#### Relasyon ak Pati Politik

- 47% nan moun ki reponn yo pa manm okenn pati politik oswa pataje yon ideyoloji politik.
- 23% kwè nan yon ideyoloji politik.
- Se sèlman 7% ki manm yon pati politik.
- 44% nan patisipan yo konnen yon moun ki enplike nan politik ayisyen an.

## Enfòmasyon

### Bezwén Enfòmasyon

- Pifò moun bay priorite pou konprann repons gouvènman an nan evènman oswa pwoblèm k ap pase nan moman yo kòm enfòmasyon prensipal yo bezwen anvan yon eleksyon. Radyo se sous enfòmasyon politik ak eleksyon ki pi popilè dapre patisipan yo, apre sa se televizyon ak medya sou entènèt.
- Radyo se sous enfòmasyon moun fè plis konfyans sou politik ak eleksyon.
- Medya sou entènèt yo gen mwens konfyans pase medya enprime (sou papye) yo (tankou jounal) sou enfòmasyon politik ak elektoral.
- Moun ki reponn yo bay anpil enpòtans ak jounalis envestigasyon. Dapre yo, se fason ki pi efikas pou jounalis yo bay enfòmasyon sou sosyete ak lavi politik lan.
- Patisipan yo di yo kwè emisyon edikatif yo tankou yon bezwen enfòmasyon ki esansyèl

## Bezwén Sitwayen yo

### Bezwén

- Sekirite, 89.06%; Prezans sèvis swen sante ak aksè pou jwenn yo: 70.38 %; Opòtinite travay ak sekirite nan travay: 72.49% se bezwen ki pi ijan yo

### III. Rezime rezulta ankèt lan an jeneral

Rezulta ankèt la montre yon absans konfyans jeneral nan fason eleksyon yo fèt nan peyi Dayiti. Moun yo gen yon pèsepsyon negatif sou sistèm elektoral la ak pwosesis pou enskri epi rive vote. Poutan, moun ki reponn yo toujou kwè nan demokrasi tankou yon konsèp jeneral. Pifò gen yon kat elektoral (li enpòtan pou nou remake an Ayiti, kat elektoral la enpòtan anpil pou lòt fonksyon- tankou pou ou idantifye w, al fè tranzaksyon labank, elatriye. Kidonk genyen kat lan pa nesesèman vle di ou gen volonte pou al vote). Bezwèn ki pi ijan pou sitwayen yo se sekirite. Pou bezwen enfòmasyon ki gen rapò ak politik ak eleksyon nan peyi a, yo eksprime yo vle plis rapò ak analiz sou zafè k ap dewoule nan moman an. Yo fè konnen tou nesesite pou gen plis envestigasyon sou sitiyasyon aktyèl peyi an ak gouvènman an. Men kèk rezulta kle nan evalyasyon an rezime anba a:

#### 1. Eleksyon: Anpil kat elektoral epi ti kras volonte pou vote

93% nan moun ki reponn yo te di yo pa gen konfyans nan sistèm elektoral la an Ayiti. Pousantaj la prèske menm nan mitan moun ki reponn sou entènèt (92.55%) ak an pèsòn (93.78%). Nan dis (10) depatman kote sondaj yo te fèt, nan uit (8) ladan yo, plis pase 90% nan moun ki reponn yo fè konnen yo pa gen lafwa nan sistèm politik la. Nan Grandans, chif yo te pi wo, yo rive nan 99%. Nan Nòdwès, li te miyò, gen pi gwo kantite moun ki di yo fè sistèm elektoral la konfyans, se te 8%. Lè yo te mande si yo gen yon kat elektoral oswa yo pa genyen l, 91% reponn wi. 88.32% nan moun ki reponn nan pwovens yo gen kat elektoral yo, konpare ak 91.61% lavil ak 91.02% nan zòn ki tou pre lavil yo. 94% nan moun ki reponn yo ki sèten yo ka vote déjà gen kat elektoral yo. 96.95% nan moun ki reponn nan Nòdès gen kat elektoral yo, pousantaj ki pi wo nan tout depatman yo. Latibonit gen pi ba pousantaj moun ki reponn pozitif pou kat elektoral lan, li nan 83.82%. Moun ki reponn nan Latibonit ki pa gen yon kat elektoral se sitou akòz "lòt rezon" (8.82%) ak pwoblèm aksè (4.04%). Latibonit se dezyèm pi gwo depatman nan peyi a, nan sipèfisi ak popilasyon.

Se sèlman 13.42% moun ki reponn an jeneral yo sèten pral vote nan eleksyon k ap vini yo, ak 15.63% ki di yo gen chans pou yo al vote. Majorite moun ki reponn yo fè konnen yo p ap vote nan eleksyon k ap vini yo (15.77%), alòske gen lòt ki di yo p ap janm vote (9.50%); gen anpil chans pou vote (20.08%); oswa pral deside dapre jan sitiyasyon sekirite a ye (21.17%). Lòt rezon, tankou distans pou ale nan sant vòt la (4.07%), oswa move tan (jou eleksyon yo) (0.35%) ka enfliyanse chans (desizyon) pou yo al vote.

Latibonit se depatman kote pifò moun ki reponn yo sèten yo pral vote (23.5%), apre se Nip (22.92%), ak Sidès (21.92%). Pandan sèlman 19.53% nan moun ki reponn nan Nòdwès yo sèten yo pral vote, yon lòt 37.21% gen plis chans pou vote, sa ki fè li depatman ki gen pi gwo pousantaj moun ki reponn konsidere vote nan eleksyon k ap vini yo lè nou konbine tou de (2) kategori yo. Grandans (4.41%), Sid (5.49%), ak Nòdès (6.09%) se rejyon ki gen pi ba pousantaj moun ki reponn ki di yo sèten yo pral vote. Menm lè yo mete ladanl pousantaj moun ki reponn ki gen chans pou vote sèlman, moun ki abite nan

depatman sa yo toujou gen mwens chans pou vote: Grandans (11.27%); Sid (15.69%), ak Nòdès (14.72%).

Yon gwo majorite nan tout moun ki reponn yo, 88.6%, panse fason tradisyonèl yo fè eleksyon an Ayiti pa bon. Ladann ou jwenn 61.65% panse li pa bon, ak 26.95% panse li "pa twò bon". 59.13% moun ki reponn an pèsonn te di li pa bon ditou konpare ak 65.30% sou entènèt, ak 29.18% nan moun ki te di li pa twò bon konpare ak 23.74% nan repons sou entènèt.

Depatman Nò a gen pi gwo pousantaj moun ki panse fason eleksyon yo ap fèt pa bon ditou (75%), Grandans (69,61%) ak Lwès (68,45%). Ak sèlman 6.05%, Nòdwès gen pi gwo pousantaj moun ki reponn ki panse fason eleksyon yo òganize bon, w ap jwenn 5.58% ki panse li bon ak 0.47% ki panse li bon anpil.

Yon gwo majorite, 90,46% nan moun ki reponn nan gwoup laj 25-34 ane yo panse fason eleksyon yo fèt nan peyi a pa bon, apre l w ap jwenn 89,75% nan gwoup laj 35-44 an. Pa gen moun ki reponn nan gwoup laj 64 ak plis ki fè konnen yo panse fason eleksyon yo fèt te bon.

Pousantaj ki pi wo nan moun ki reponn yo ki panse fason eleksyon yo fèt bon se gwoup laj 18-24, men li toujou ba nan 1.52%. Dènye a ta ka pa reprezante gwoup laj sa a pa janm vote nan eleksyon akòz li pat ko gen 18 lane (li te minè) an 2016.

Kèlkeswa kote rezidans yo, pifò patisipan yo panse fason elekson yo fèt pa bon, epi pouvantaj sa prèske idantik nan tout moun ki reponn k ap viv nan pwovens (88.07%), lavil (88.62%), ak tou pre lavil (88.81%). Gen plis gason ki panse fason elekson yo fèt pa bon an Ayiti, 90.09% (59.41% pa bon ditou ak 30.68% pa twò bon) konpare ak 86.95% pou fanm (64.16% pa bon ditou ak 22.79% pa twò bon). Sou koze nivo edikasyon ak pèsepsyon nan fason elekson yo konn fèt, pouvantaj moun ki panse elekson yo pa bon se pi wo nan mitan moun ki reponn ak yon doktora (94.44%), apre w jwenn sa ki gen yon diplòm metriz (93.46%) ak diplòm bakaloreya (92.55%). Pouvantaj moun ki reponn yo ki panse fason elekson yo fèt pa bon se pi ba pamí moun ki pa gen edikasyon fòmèl, men li toujou nan 80%, ak 82.83% pou moun ki te ale men ki pa fini lekòl primè. Pou plis enfòmasyon sou pwofil patisipan yo, tanpri al gade « Dokiman Anèks 2: Pwofil Demografik Moun ki Reponn Sondaj » yo.

## **2. Demokrasi: Sitwayen ayisyen kwè nan demokrasi, men se pa nan « demokrasi Ayiti an »**

Anviwon 70% nan moun ki reponn yo kwè nan demokrasi tankou yon konsèp jeneral, sa enplike 48.9% kwè nan li, men se pa jan li ye an Ayiti. Pouvantaj moun ki reponn an pèsòn kwè nan demokrasi se 59% konpare ak 84.92% pou moun ki reponn sou entènèt. Sityasyon sa ta ka lakòz diferans nan nivo edikasyon pamí moun ki reponn an pèsòn ak sou entènèt. Pou plis enfòmasyon sou pwofil patisipan yo, tanpri al gade : « Dokiman Anèks 2: Pwofil Demografik Moun ki Reponn Sondaj yo ».

Ou jwenn plis moun ki reponn nan depatman Lwès la ki kwè nan demokrasi (84.05%), men 60% pa kwè nan li jan li ye nan peyi Dayiti an. Nòdès gen dezyèm pi gwo pouvantaj, ak 78% moun ki reponn ki kwè nan demokrasi, ladan l ou jwenn 54% ki pa kwè nan li jan li ye an Ayiti. Reyon ki gen pi ba pouvantaj moun ki di yo kwè nan demokrasi se Nòdwès, ak 34.42% (23.26% an jeneral ak 11.16% wi, men se pa jan sa ye an Ayiti a).

Sidès gen pi gwo pouvantaj moun ki reponn ki di “pa janm” (10%) ak “non” (20%) lè yo mande yo si yo kwè nan demokrasi . Lwès se reyon ki gen plis moun ki reponn pou di yo kwè nan demokrasi, ak 84.05%. Kwayans nan demokrasi pi wo nan gwoup laj 25-34 nan 76.68% ak gwoup laj 35-44 nan 72.36%, apre li gen gwoup laj 18-24 ki nan 71.16%. Pouvantaj ki pi ba a se nan mitan gwoup laj 65 ak pi gran nan 44.21%. Nan moun ki reponn yo ki di yo p ap janm fè demokrasi konfyans, 60% se fanm. Nan moun ki di wi, yo kwè nan demokrasi, 39% se fanm. Pou moun ki kwè nan demokrasi men pa jan li ye an Ayiti, 52% se gason.

55.72% moun ki reponn nan zòn pwovens yo di yo kwè nan demokrasi an jeneral, alòske 39.66% pa kwè nan li jan li ye an Ayiti. 71.27% moun k ap reponn lavil yo kwè nan demokrasi, e 48.72% pa kwè nan li jan li ye an Ayiti.

48.91% nan moun ki reponn yo k ap viv nan pwovens yo fè konnen gen kèk nivo konpreyansyon demokrasi (20.68% kon-

prann byen, 17.52% byen, 10.71% trè byen) konpare ak 69.77% lavil (17.92% konprann byen, 24.18% byen), 27.67% trè byen).

Plis moun reponn nan Lwès (89%), apresa nou jwenn Nòdès (71.06%) ak Latibonit (70.87%), di gen kèk nivo konpreyansyon demokrasi konpare ak lòt depatman. Nòdès (31.12%) ak Nip (34.37%) se depatman ki gen pi ba pouvantaj moun ki eksprime yon bon nivo konpreyansyon demokrasi. Moun ki reponn nan gwoup laj 25-34 yo fè konnen yo gen bon jan konpreyansyon demokrasi ak 75.16%, apresa w jwenn laj yo.

Gwoup 35-44 lane a ak 70.73%, pandan pouvantaj ki pi ba a se nan mitan gwoup laj 64 ak pi gran nan 32.63%. Pamí moun ki reponn yo, 63% fanm di yo konprann demokrasi (Wi, mwen yon ti jan konprann 18.14%; Wi, mwen konprann 22.05%; Wi, mwen byen konprann 23.01). 70.59% nan gason di yo konprann demokrasi (Wi, mwen yon ti jan konprann 18.55%; Wi, mwen konprann 25.92%; Wi, mwen byen konprann 26.12%). 66.89% fanm kwè nan demokrasi, epi 49.56% pa kwè nan li jan li ye an Ayiti. 72.67% gason kwè nan demokrasi, e 48.29% pa kwè nan li jan li ye an Ayiti.

Lè yo te mande yo si yo panse politisyen yo ki pral genyen elekson ap ka pote chanjman pozitif nan peyi a, 37.61% nan moun ki reponn yo te di wi, 7.43% te di “pa janm”, 27.58% te di “non”, ak 27.37% te di, “Mwen pa konnen”.

Patisipan ki gen laj 25-34 lane se gwoup ki gen pi gwo

pousantaj moun ki reponn pou di yo panse politisyen ki pral genyen eleksyon yo ap pote chanjman pozitif nan peyi a nan 42.40%.

Gwoup laj 65 ak plis gen pousantaj ki pi ba a nan 24.21%. Gwoup 65 an ak pi gran yo se tou gwoup ki gen pi gwo pousantaj moun ki di "pa janm" lè yo mande yo si yo panse politisyen yo ka genyen eleksyon epi pote chanjman pozitif nan peyi a, yo rive nan 14.74%, apresa ou jwenn moun ki gen 55-64 ane yo nan 14.69%.

Moun ki gen 55-64 ane yo genyen tou dezyèm pi ba pousantaj moun ki reponn ki panse politisyen yo ka genyen eleksyon yo epi pote chanjman pozitif nan peyi a. Yo gen pi ba pousantaj moun ki reponn ki kwè nan demokrasi ak moun ki sèten pou vote. 43.74% nan gason panse politisyen yo ka genyen eleksyon epi pote chanjman pozitif konpare ak 30.90% nan fanm ki reponn. Pousantaj sa a pi wo pou moun ki reponn k ap viv lavil (40.40%) pase moun ki reponn k ap viv lavil (30.41%). 50.25% nan moun ki reponn ki gen yon diplòm bakaloreya te di wi, konpare ak 15% nan moun ki reponn yo ki pa gen okenn edikasyon fòmèl, kategori a ak pousantaj ki pi ba nan moun ki reponn di wi. Moun ki reponn yo ki pa gen edikasyon fòmèl tou gen pousantaj ki pi ba nan moun ki reponn ki kwè nan demokrasi ki chita sou nivo edikasyon (16.11%), ak mwens pase 8% nan yo sèten yo vote.

.

### 3. Sistèm Politik Ayisyen an

Yon majorite (49.84%) nan moun ki reponn yo rapòte yo pa konprann kijan Leta a fonksyone. Se sèlman 32% nan moun ki reponn yo ki te kapab fè diferans nan mitan Jiridiksyon Lakou Kasasyon ak Konsèy Siperyè Pouwa Jidisye a. Li enpòtan pou mete aksan sou sa paske ni Lakou Kasasyon ak Konsèy Siperyè Lajistik la se de (2) nan enstitisyon ki pi enpòtan nan sistèm jidisye a. Kasasyon an se menm ak Tribunal Suprèm nan Etazini, ak Konsèy Siperyè a se yon enstitisyon ki ka deside ki moun ki ka jije oswa non, pami lòt bagay li ka fè. Diferans nan mitan yo enpòtan anpil, epi rezulta yo montre yon mankman nan konesans sou fondasyon sistèm politik la an Ayiti.

66% nan moun ki reponn yo rapòte yo konnen twa (3) branch pouwa yo. Nivo edikasyon jwe yon gwo wòl nan repons moun yo nan konnen diferans ki genyen pami branch pouwa yo lèn konsidere 8.89% ak 33.33% nan moun ki reponn swa pa gen okenn edikasyon fòmèl oswa ki jis fini klas primè yo. Pou moun ki reponn ki te fini lekòl segondè, pousantaj la te plis pase 90%. Anplis, gen yon diferans nan mitan moun ki reponn k ap viv lavil (71.91%) ak pwovens (53.04%).

### 4. Angajman sivik

Nan tout moun ki reponn yo, 35% te pale de enterè pou yo patisipe nan yon konsiltasyon piblik. 54% nan moun ki reponn yo pa montre okenn enterè nan jwe wòl volontè pou yon pati politik osnon pou yon kandida. Menm jan an tou, 52% nan moun ki reponn yo pa entere ale nan yon mach (pasifik), yon sitin oswa manifestasyon. Nan patisipan yo, 24.15% k ap viv nan pwovens yo reponn yo toujou ale nan manifestasyon, konpare ak 32.59% k ap viv lavil. Konsènan laj ak patisipasyon

nan yon mach oswa manifestasyon, li se pi ba nan mitan laj 18-24 nan 23.80% ak pi wo nan mitan ranje laj 35-44 nan 33.33%. Yon fwa ankò, sa a ka akòz jèn laj yo epi yo pa te gen yon chans pou yo angaje yo politikman.

Anviwon 47% nan moun ki reponn yo pa t gen okenn afiliyasyon politik oswa ideyoloji, pandan se sèlman 7% ki te manm nan yon pati politik, ki pa gen okenn diferans enpòtan si w gad sèks patisipan yo.

**Motivasyon pou angaje yo nan aktivite sivik ak politik:** Lè yo te mande yo kisa ki ta ka motive yo patisipe plis nan aktivite sivik ak politik, moun ki reponn yo te bay lis rezon sa yo:

1. Plis sekirite (66.46%)
2. Plis prèv transparans ak enfòmasyon fyab bò kote gouvenman an (50.75%)
3. Lidè politik nou ka fè konfyans (44.41%)
4. Pi gwo jefò bò kote politisyen yo ak lidè kominotè yo pou redui koripsyon ak tizanmi nan politik lan (40.20%)
5. Pi gwo jefò bò kote sosyete sivil ak medya yo pou redui koripsyon ak tizanmi nan politik lan (39,96 %)
6. Politik ak aksyon ki gen yon enpak byen klè sou bezwen kominate mwen (34.42%)
7. Plis enfòmasyon sou pwoblèm peyi a ak pwopozisyon kandida ak pati politik yo. (31.09%)
8. Ranfòsman lwa pou batay kont entimidasyon elektè yo ak fwod nan eleksyon yo (29.16%)
9. Edikasyon ak atelye sou angajman sivik ak pwosesis politik (26.92%)

10. Plis opòtinite pou patisipasyon dirèk nan desizyon politik yo (26.01%)
11. Pwosesis vòt ki pi pratik (pa egzanp: vòt sou entènèt, jounen vòt ki pi long) (22.29%)
12. Plis divèsite ak reprezantasyon nan pwofil moun ki nan politik la (19.56%).

**Zouti ak rezon yo itilize pou evalye kandida yo:** Dapre plis repons nou rive jwenn, men zouti ak kritè moun ki reponn yo itilize pou evalye kandida yo:

1. Pwogram Politik (70.07%)
2. Pati politik (32.98%)
3. Patisipe nan evènman (29.55%)
4. Rechèch sou tout kanal enfòmasyon (27.02%)
5. Lòt (26.50%)
6. Nouvèl nan televizyon (24.68%)
7. Sa m tande nan bouch zanmi ak fanmi (17.49%)
8. Jan yo leve nan fanmi (16.12%)
9. Atik nan jounal (15.21%)
10. Medya Sosyal (12.09%)
11. Enfòmasyon anndan legliz (4.03%)

## 5. Bezwén ki pi ijan pou sitwayen yo

Dapre moun ki reponn yo, bezwén ki pi ijan yo se:

- Sekirite 89,06 %;
- Sèvis swen sante ak aksè (ak lopital) 70.38 %;

- Opòtinite travay ak sekirite nan travay (rive kenbe djòb yo san traka) 72.49%;
- Manje pou fanmi yo 60.46 %;
- Kalite edikasyon ak fòmasyon 59.06 %;
- Rive jwenn dlo pwòp ak sanitasyon 55.56%;
- Transpò ak enfrastrikti 51.10%;
- Lojman pou bon pri 44.37%;
- Pwoteksyon fas ak katastwòf natirèl 41.25%;
- Rive jwenn kredi 35.05%;
- Reprezantasyon politik ak gouvènans 29.27%;
- Lòt 21.49%

91.30% nan fanm ki reponn te idantifye sekirite kòm bezwén ki pi ijan yo konpare ak 87.07% nan gason. 73.3% nan fanm idantifye travay pami bezwén ki pi ijan yo konpare ak 71.73% nan gason. Jwenn swen sante se tou yon bezwén pi souvan nan mitan fanm pase gason nan 73.23% ak 67.78% dapre enfòmasyon nou jwenn.

Sekirite se bezwén ki pi ijan pou 90.18% moun ki reponn lavil ak 88.32% nan moun ki reponn nan pwovens yo. Plis moun ki reponn nan pwovens yo te idantifye opòtinite travay tankou yon bezwén ijan nan 75.18% konpare ak 70.27% pou moun ki reponn lavil yo. Absans opòtinite pou jwenn travay tradisionèlman konsidere tankou yon rezon kle dèyè mouvman ki soti nan pwovens yo, rive lavil an Ayiti, paske pwovens yo atire mwens envestisman publik ak prive. Enfrastrikti publik yo ra tou nan divès pwovens sa yo. Sitiyasyon sa ka ede eksplike pouki plis moun reponn nan pwovens yo te idantifye aksè a

swen sante tankou yon bezwén ijan pase repons lavil yo.

Sekirite se yon bezwén ijan pou anpil patisipan ki pi gran pase pi piti nan 89.37% pou tranch laj18-24; 88.1% pou 25-34; 88.11% pou 35-44 la; 91.3% pou 45-54 la; 92.66% pou 55-64 la; ak 90.53% pou gwoup 65 ak pi gran.

Travay parèt mwens kou yon bezwén nan mitan pi gran moun ki reponn konpare ak pi piti yo nan 76.28% pou gwoup la 18-24; 75.26% pou gwoup 25-34; 72.51% pou gwoup 35-44; 65.53% pou gwoup 45-54; 63.28% pou gwoup 55-64; ak 61.05% pou gwoup 65 ak pi gran.

## 6. Bezwén Enfòmasyon Sitwayen yo genyen

Nan lojik preparasyon eleksyon ki ta dwe fèt yo, nou te mande patisipan yo chwazi, nan yon lis opsyon, ki kalite enfòmasyon sou politik ak eleksyon yo ta bezwén pou yo ka pare pou vote. Pi gwo priyorite moun ki reponn yo te :

- Pwoblèm sosyal ak repons gouvènman 53.35%;
- Politik ak ajanda politik diferan pati politik yo 44.37%;
- Orijin ak kalifikasyon kandida politik yo 42.80%;
- Dat eleksyon k ap vini ak pwosedi yo pral swiv yo 40.24%;
- Dwa politik ak patisipasyon sitwayen 38.52%;
- Detay sou refòm politik ak lejislasyon 29.69%;
- Rapò sou pèfòmans ak reyalizasyon gouvènman aktyèl la 27.97%;
- Relasyon entènasyonal ak politik etranjè 22.50%.

Menm pousantaj fanm ak gason idantifye enfòmasyon sou « pwoblèm sosyal ak repons gouvènman an » tankou enfòmasyon yo bezwen anvan eleksyon yo : 27.95% fanm ak 27.93% gason. Yon pi gwo pousantaj patisipan reponn nan gwoup laj 18-24 di yo entèrese nan kalite enfòmasyon sa yo konpare ak lòt gwoup laj nan 33.78%. Pou lòt gwoup laj, pousantaj lan se 29.37% pou 25-34 lane fin granmoun; 26.00% pou 35-44 lane fin granmoun; 26.40% pou 45-54 lane fin granmoun; 14.69% pou 55-64 lane; ak 24.21% pou moun ki reponn 65 lane ak pi gran.

Enfòmasyon sou politik ak ajanda politik diferan pati yo se yon priyorite pou 45.68% nan gason ak 42.92% nan fanm. Moun ki reponn nan gwoup laj 25-34 ane yo se gwoup laj ki pi enterese nan kalite enfòmasyon sa a nan 47.31%, ki te swiv pa gwoup laj 35-44 ane fin granmoun (45.77%); 18-24 ane fin granmoun (44.78%); 55-64 ane fin granmoun (41.81%); 45-54 ane fin granmoun (38.82%); 65 ane ak plis (23.16%).

41.89% nan fanm ak 43.74% nan gason yo enterese nan enfòmasyon sou orijin ak kalifikasyon kandida politik yo anvan eleksyon yo. Moun ki reponn lavil yo plis enterese nan enfòmasyon sa yo (42.39%) pase moun ki reponn nan pwovens yo (34.79%). Yon pi gwo pousantaj moun ki reponn nan gwoup laj 25-34 ane ki enterese nan kalite enfòmasyon sa a (44.57%), apre w jwenn 35-44 lane fin granmoun (43.83%); 18-24 lane fin granmoun (42.69%); 45-54 lane fin granmoun (40.99%); 55-64 lane fin granmoun (38.42%); ak 65 ak plis (30.53%).

## Sous Enfòmasyon yo

Pifò moun ki reponn pito jwenn enfòmasyon sou politik ak eleksyon nan radyo (71,57%); konpare ak televizyon (47.14%); epi medya sou entènèt (43.88%). Lòt sous yo se : medya sosyal (41.96%); zanmi ak fanmi (29.83%); reyinyon politik ak rasanbleman (23,80%); jounal ak magazin (25,31%); epi legliz (5.71%). Prèske pa gen diferans nan mitan sèks nan konfyans nan radyo ak televizyon. 54.20% nan fanm fè radyo konfyans konpare ak 55.66% nan gason, 34.81% nan fanm fè konfyans televizyon konpare ak 35.23% nan gason, ak 19.21% nan fanm fè konfyans nan medya sosyal konpare ak 21.17% nan gason. Konfyans nan radyo se yon ti kras pi wo nan pwovens yo nan 57.42% konpare ak lavil nan 53.34%. Diferans nan preferans pou televizyon pou jwe wòl nan sous enfòmasyon pi enpòtan nan 23.36% nan pwovens yo konpare ak 38.41% nan moun ki reponn lavil.

Diferans nan preferans pou televizyon tankou yon sous enfòmasyon pi enpòtan nan 27.98% nan mitan moun ki reponn nan pwovens yo konpare ak 51.05% nan moun ki lavil. Sa ka eksplike difikilte pou gen aksè ak elektrisite epi absans lajan pou achte yon televizyon nan pwovens yo. Sa rive fèt akoz povrete epi yon mank opòtinite ekonomik. 40.63% nan patisipan yo prefere medya sou entènèt pou yon sous enfòmasyon nan pwovens yo konpare ak 45.87% nan moun nan lavil. Aksè telefòn nan pwovens nan peyi Dayiti pi fasil pase televizyon, se facilite ki genyen nan (li ak ekri) ti « pubblikasyon kout » nan medya sou entènèt lan ka eksplike gwo pousantaj sa nan pwovens nan peyi Dayiti.

Pami sous sa yo, se radyo moun ki reponn yo ki pi fè konfyans (54,92%), alòske gen televizyon yo fè konfyans tou (35,02%).

Konfyans nan lòt sous klase jan sa a : jounal ak magazin (24.96%); medya sou entènèt (20.54%); medya sosyal (13.49%); reyinyon politik ak rasanbleman (13.81%); zanmi ak fanmi (16.51%); epi legliz (5.54%). Prèske pa gen diferans nan mitan sèks nan konfyans nan radyo ak televizyon. 54.20% nan fanm fè radyo konfyans konpare ak 55.66% nan gason, 34.81% nan fanm fè konfyans televizyon konpare ak 35.23% nan gason, ak 19.21% nan fanm fè konfyans nan medya sosyal konpare ak 21.17% nan gason. Konfyans nan radyo se yon ti kras pi wo nan pwovens yo nan 57.42% konpare ak lavil nan 53.34%. Diferans nan preferans pou televizyon pou jwe wòl nan sous enfòmasyon pi enpòtan nan 23.36% nan pwovens yo konpare ak 38.41% nan moun ki reponn lavil.

Konsènan bezwen nan koze enfòmasyon jeneral anvan yon eleksyon, pifò moun bay priyorite pou konprann repons gouvènman an nan evènman ak pwoblèm aktyèl yo. Moun ki reponn yo valorize anpil jounalis envestigasyon. Yo considere se fason ki pi efikas pou bay enfòmasyon sou sosyete ak politik lan. Bezwén enfòmasyon jeneral yo se sans sa: envestigasyon sou sa k ap pase nan sosyete a (84,86%); envestigasyon sou aktè politik yo (69,96%); montre ki gen plis edikasyon (50.12%); nouvo chanèl pou enfòme moun tankou medya sosyal (12.34%); nouvo fòma pou pataje nouvèl (21.21%); bay lòt moun chans pou yo pale ak ekri nan medya (26.74%).

## IV. Rekòmandasyon

Rekòmandasyon ki bay nan rapò sila chita sou rezulta nou jwenn epi prezante yo. Yo mize anpil sou edikasyon ak enfòmasyon. Rekòmandasyon sa yo ka gide ak enfòme desizyon ak aksyon moun k ap travay nan domèn sa yo nan peyi Dayiti, epi ki gen objektif pou ranfòse demokrasi ayisen an ak angajman lakay sitwayen yo.

### Edikasyon ak enfòmasyon pou votè yo








- Devlope kanpay edikasyon ki gen objektif klarifye eleksyon yo, pwosesis vòt la, epi bay enfòmasyon sou ki kote epi kijan pou vote.
- Sipòte kanpay sansibilizasyon ak kanpay edikasyon sou demokrasi.
- Mobilize teknoloji ak medya sosyal pou ankouraje patispasyon sitwayen ak dyalòg.
- Sipòte inisyativ pou ankouraje sitwayen yo vote ki ale pi lwen pase kanpay edikasyon pou gen ladan l : reyinyon minisipalite, deba kandida, kontni medya sosyal, epi vize kèk kouch demografik espesifik.
- Bay enfòmasyon klè epi ki disponib pout tout moun sou lojistik jou eleksyon an, pou diminye ensètitid ak amelyore patispasyon. Kriz sekirite ki pa janm bout la te lakòz anpil moun deplase epi al viv byen lwen kote yo te anrejistre pou vote. Sa ki fè li enpòtan pou pèmèt yo chanje sant vòt yo bonè. Anplis, li enpòtan pou sonje ta dwe gen transpò piblik ki disponib jou eleksyon an.
- Mete kanpe kanpay edikasyon konplè ki adapte pou divès nivo edikasyon epi bezwen lengwistik pou amelyore konpreyansyon sou estrikti politik la an Ayiti, lwa elektoral yo, ak wòl epi responsablite ofisyèl eli yo





### Pwosesis Elektoral lan

- Ranfòse transparans ak responsabilite nan pwosesis elektoral la pou rebati konfyans piblik lan epi garanti eleksyon ki jis, lib ak transparan. Sa ta dwe ale pi lwen pase diskou pou ka gen aksyon ki pral montre siyal klè.
- Antre nan dyalòg ak kominate yo pou kwape dout yo sou sistèm elektoral la ak metòd òganizasyon eleksyon toujou fèt yo.
- Asire tout moun ki gen enterè yo : pati politik yo, medya yo ak sosyete civil la, pou patisipe nan pwosesis la.
- Ranfòse kapasite moun k ap bay enfòmasyon yo pou yo reponn dirèk ak bezwen enfòmasyon popilasyon an sou pwosesis elektoral la, ki reprezante yon vrè sikilasyon enfòmasyon nan de (2) sans

### Bezwén Enfòmasyon

- Sipòte jounalis envestigasyon ak pwogram edikatif pou ranfòse patispasyon sitwayen yo ak ranfòse enstitusyon demokratik yo sou koze responsablite.
- Mete plis sous enfòmasyon moun ka fè konfyans yo, tankou radyo ak televizyon, epi chache lòt fòma pou pataje lide pou yon pi gwo odyans.





### Enfòmasyon moun yo bezwen



### Rekòmandasyon pou jounalis



ANKÈT SOU BEZWEN SITWAYEN YO AK KONPREYANSYON YO DE SISTÈM POLITIK LA AN AYITI

